

State Road (SR) 916/NW 135 Street/NW 136 Street from west of NW 30 Avenue to east of NW 27 Avenue

No. Identifikasiyon pwojè a: 447805-1-52-01, 447805-1-52-02

FDOT COMPASS

FDOT pran angajman pou li asire enfrastrikti Eta a sèvi rezidan, biznis, ak vizitè pou reponn a bezwen yo genyen nan kesyon transpò kounye a epi pi devan. Men avantaj pwojè sa a:

KOMINOTE YO

- Amelyore kote pou pyeton travèse lari nan kafou sa yo:
 - SR 916/NW 135 Street ak NW 27 Avenue
 - SR 916/NW 135 Street ak NW 30 Avenue
 - Opa-locka Boulevard ak NW 27 Avenue
- Amelyore drenaj nan zòn kote y ap bati pwojè a
- Amelyore siy ak siyal pou pyeton

SEKIRITE

- Deplase rantre Opa-locka Boulevard ki al nan direksyon Iwès la al mete I plis nan direksyon Iwès pou amelyore pwoteksyon moun
- Ajoute siy ni bò lari a ni atè nan lari a pou fè konnen gen lekòl nan zòn nan
- Chanje kloti an metal arebò kote pyeton yo pase nan direksyon nò NW 27 Avenue sou bò kanal Opa-locka a pou mete sa ki pi resan
- Rebatu twotwa yo ak ranp pou pyeton pase nan plizyè kote

REZIYLAN

- Reyasalte wout la epi retrase liy atè yo pou prezève wout la pou pi lontan
- Amelyore drenaj nan zòn nan pou evite sa ki ka lakòz pwoblèm nan sistèm drenaj la pi devan epi amelyore kondisyon wout la

CHÈN EKIPMAN

- Ajoute yon lòt liy trafik pou vire agoch al nan direksyon lès nan wout SR 916/NW 135 Street ak NW 27 Avenue pou asire machin byen sikile nan kafou a

TEKNOLOJI

- Mete ekipman video pou detekte machin pou pi bon kontwòl sou wout yo
- Enstale ekipman pou detekte machin atè nan lari a pou idantifye lè machin rive pre limyè trafik yo
- Enstale siyal pou fè pyeton konnen valè tan yo genyen pou yo travèse lari a nan plizyè kote

DEVELOPMAN MENDÈV

- FDOT pran kontraktè ki nan zòn pou fè travay yo pou pote avantaj ekonomik pozitif pou kominote a


TOUJOU KONSIDERE PWOTEKSYON MOUN AN PREMYE

Pou pwoteksyon w ak pwoteksyon lòt moun, tanpri pran prekosyon lè w ap kondui machin, lè w ap mache oswa lè w ap pase sou bekàn nan zòn konstriksyon yo. Pou dènye nouvèl sou sikilasyon an, al sou: www.fl511.com.

KONTAK

FDOT Consultant Community Outreach Specialist
Miranda Brito | Miranda.Brito@dot.state.fl.us | 786-774-9714

FOLLOW US MyFDOT_Miami MyFDOTMiami



MEN SA NOU DWE ATANN

Y ap fè travay yo etap pa etap pou travay yo pa twò deranje moun nan zòn nan. Liy trafik y ap fèmen tanporèman yo kab gen efè sou sikilasyon an nan lè ki pa gen anpil trafik. Y ap afiche byen klè tout lòt wout pou machin pase. Y ap kite wout pou moun antre soti nan kote ki sou bò kote y ap fè travay yo.

KALANDRIYE

Jen 2024 - Kòmansman 2025

PRI KONSTRIKSYON AN

3.3 Milyon dola

KOTE YO PRAL FÈ PWOJÈ A

City of Opa-locka
Miami-Dade County

Avi: Sa posib yo kab chanje dat yo.

ENFÒMASYON SOU LIY TRAFIK YO PRAL FÈMEN

Y ap fè travay yo etap pa etap pou konstriksyon an pa twò deranje moun nan zòn nan. Yo kab fèmen wout yo nan lè sa yo:

- 9 è a.m. pou 3 è 30 p.m., lasemèn epi pandan wikenn
- 8:30 p.m. pou 6 è 30 a.m., lasemèn epi pandan wikenn

Y ap kite kote pou moun pase antre soti nan biznis yo epi lakay yo. Chak semenn y ap afiche wout y ap fèmen sou sitwèb biwo transpò a, www.southflroads.com.



SOUTHFLROADS.COM

Eskane Kòd QR sa a pou dènye nouvèl sou pwojè a.

